

3.2 WANGENAN OPERASIONAL

Sangkan leuwih écés ngeunaan naon waé nu baris dipedar, saacanna urang pedar heula ngeunaan wangenan kekecapan nu jadi judul dina ieu panalungtikan.

- 1) Kalimah wawaran nya éta kalimah anu eusina ngawawarkeun atawa méré béja ka nu lian tur miharep respon nu mangrupa panitén wungkul.
- 2) Biantara (Ind: *pidato*) nya éta nyarita di hareupeun jalma réa. *Biantara Basa Sunda*, buku kumpulan biantara karangan Tatang Sumarsono nu diwangun ku rupa-rupa biantara. Diantarana biantara dina acara pasanggiri, paturay tineung, acara kaagamaan, organisasi, ngaresmikeun gedong, miéling pahlawan. Lobana biantara aya 27 rupa conto biantara.
- 3) Bahan ajar nyarita nya éta sajumlah matéri anu aya patalina jeung pangajaran nyarita, anu rék ditepikeun ka siswa dina kagiatan diajar-ngajar di sakola.

3.3 INSTRUMÉN PANALUNGTIKAN

Instrumén panalungtika raket patalina jeung kagiatan ngumpulkeun data jeung ngolah data, ku sabab instrumén panalungtikan mangrupa alat bantu dina ngumpulkeun data jeung ngolah data ngeunaan aspék-aspék nu ditalungtik. (Subana, 2001: 127)

Pikeun ngagampangkeun prosés ngumpulkeun data, dina ieu panalungtikan ngagunakeun instrumén nontés, nu mangrupa studi dokuméntasi. Studi dokuméntasi dina ieu panalungtikan ngagunakeun format kartu data.

3.4 MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode anu digunakeun dina hiji panalungtikan gedé pisan pangaruhna dina ngahontal tujuan panalungtikan. Métode anu luyu pikeun ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. *Métode déskriptif digunakeun pikeun ngungkulan jeung ngréngsékeun pasualan-pasualan aktual ku jalan ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, sarta nafsirkeun data* (Arikunto, 1993: 270).

3.5 TÉHNIK NGUMPULKEUN DATA

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik studi dokuméntasi, anu léngkah-léngkana nya éta:

- 1) Nangtukeun sumber data nu mangrupa basa Sunda ragam tinulis, nya éta buku *Biantara Basa Sunda* karangan Tatang Sumarsono;
- 2) Nyirian kalimah wawaran (déklaratif) nu aya dina éta buku;
- 3) Nyalin kalimah wawaran anu geus dicirian kana kartu data;
- 4) Nganoméran atawa ngodeuan kartu data, saperti conto dina format kartu data dina pedaran sateu acanna.

3.6 TÉHNIK NGOLAH DATA

Dina tahapan ngolah data digunakeun téhnik analisis téks, anu léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Ngadaptarkeun jeung nganomeron data kalimah wawaran;

- 2) Nyieun papasingan kalimah wawaran dumasar kana adegan pragmatis, ma'na pragmatis, jeung tahapan pragmatis, saperti format analisis dina tabél 3.1;
- 3) Ngitung jumlah kalimah wawaran anu kapanggih dina éta buku;
- 4) Ngitung perséntase papasingan kalimah wawaran;
- 5) Ngadéskripsikeun kalimah wawaran dumasar kana adegan pragmatis, ma'na pragmatis, jeung tahapan pragmatis;
- 6) Nyaluyukeun kalimah wawaran anu bisa dijadikeun bahan ajar di SMA.

3.7 LÉNGKAH-LÉNGKAH PANALUNGTIKAN

Sacara gurat badagna dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah, nya éta:

- 1) Tatahar panalungtikan, anu ngawengku nangtukeun masalah, ngumpulkeun data (telaah pustaka), nangtukeun subjék panalungtikan, nyusun jadwal waktu panalungtikan. Léngkah-léngkah dina tatahar ieu biasana disusun dina wangun proposal panalungtikan.
- 2) Pelaksanaan panalungtikan, mangrupa kagiatan poko tina hiji panalungtikan.
- 3) Nyusun laporan panalungtikan dina wangun skripsi, dumasar kana pedoman penulisan karya ilmiah UPI.